



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 23.7 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU METE FEN NAN EPIDEMI VYOLANS AK ZAM LAN

Finanse sipò pou efò prevansyon kont vyolans ak zam yo ki gen ladan fòmasyon ak plasman pwofesyonèl, aktivite kominotè ak ekspansyon pwogram entèvansyon kont vyolans ak zam

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finansman pou plizyè efò prevansyon kont vyolans ak zam ki gen ladan fòmasyon pwofesyonèl, aktivite kominotè ak ekip entèvnan nan kominote ki gen pi gwo konsantrasyon vyolans ak zam.

"Vyolans ak zam se yon bagay atwòs okenn moun pa ta dwe viv, poutan twòp Nouyòkè viv li. Li lè pou nou mete fen nan epidemi sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou dwe bay jèn moun yo espwa epi fè yo konnen ke lavi yo enpòtan, sa kòmanse avèk kreyasyon travay ansanm ak plis aksè pou fòmasyon pwofesyonèl, travay deprè ansanm avèk òganizasyon kominotè yo epi ranfòse pwogram entèvansyon kont vyolans ak zam".

Gouvènè Hochul ak administrasyon li te travay avèk lidè lokal yo atravè eta a pou idantifye itilizasyon fon prevansyon kont vyolans ak zam ki pi efikas nan chak kominote. Nou te bay finansman yo pou sipòte twa pwogram prevansyon kont vyolans ak zam.

Fòmasyon ak Plasman Pwofesyonèl

New York ap bay 16 milyon dola ak konsèy devlopman mendèv lokal la pou finanse pwogram fòmasyon mendèv ak plasman pwofesyonèl nan 20 vil ki sibi pi gwo enpak vyolans ki fèt ak zam yo nan tout Eta New York la. Lidè lokal yo te konsevwa ak revize pwogram yo pou bay fòmasyon pwofesyonèl, pou akreditasyon ak sèvis plasman pwofesyonèl pou rive pèmèt jèn arisk yo jwenn travay pèmanan ki peye byen. Jèn ki nan chomaj, ki nan travay yo pa touche byen pou yo ak jèn ki pa lekòl yo, ki gen laj ant 18 ak 24 lane k ap viv nan zòn ki nan vil ki sibi enpak vyolans ki fèt ak zam yo ap elijib. Sa se anplis de 12 milyon dola ki deja bay ak Consortium For Worker Education (Konsòsyòm Pou Fòmasyon Travayè) pou fasilite pwogram pou jèn nan Vil New York yo. Jèn ki enterese yo kapab aprann plis epi konekte ak pwogram sa yo [isit la](#).

Aktivite kominotè

New York ap bay 5.7 milyon dola nan sibvansyon pou pwogram espò, atizay, angajman sivik, devlopman konpetans ak lwazi nan kominote ki gen gwo vyolans ak zam yo. Pwogram apre lekòl ak wikenn sa yo pral bay jèn yo aktivite sekirite ak anrichisan nan pwogram kominotè yo ke lidè konte ak lejislatif yo te rekòmande nan chak kominote.

Pèsonèl anplis pou òganizasyon ki fè entèvansyon kont vyolans ak zam nan kominote yo

New York ap bay 2 milyon dola pou pwogram entèvansyon kont vyolans ak zam atravè eta a pou anboche ak fòme 39 nouvo travayè kominotè nan lari ak entèripte vyolans. Finansman sa a pral pèmèt pwogram entèvansyon kont zam nan kominote ki gen siksè yo pou ogmante pèsonèl mesaje kredib yo, pou angaje epi ankadre jèn ki gen risk yo, òganize evènman kominotè yo, travay pou repouse jèn moun yo lwen vyolans ak zam epi reponn ak fiziyad yo pou anpeche vyolans reprezay. Gen prim anplis pou anboche nouvo travayè sansibilizasyon ak entèripte ki pral bay nan semèn k ap vini yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)